



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE PWOJÈ LWA POU ELAJI AKSÈ AK SWEN
SANTE REPWODIKTIF POU NOUYÒKÈ YO**

Lejislasyon (A1060-A/S1043-A) pral pèmèt famasyen yo bay kontrasepsyon san preskripsyon

Lejislasyon (A1395-C/S1213-B) asire tout kolèj ak inivèsite piblik nan sistèm SUNY ak CUNY yo ofri swen pou avòtman

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon enpòtan pou elaji aksè ak swen sante repwodiktif atravè eta a epi solidifye pozisyon istorik New York kòm premye Eta Azil nan peyi a. Jan sa endike nan [Diskou sou Sitiyasyon Eta a 2023](#), Gouvènè a te siyen lejislasyon (A1060-A/S1043-A) pou elaji aksè ak kontrasepsyon atravè òmòn yo nan rann li disponib san preskripsyon, sitou pou ede popilasyon majinalize yo ki pa kapab gen yon founisè swen prensipal, men yo gen aksè ak yon famasi lokal. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon (A1395-C/S1213-B) pou asire ke chak elèv ki enskri nan yon kolèj SUNY oswa CUNY gen aksè ak avòtman medikaman sou kanpis la.

"Pandan ekstremis anti-chwa yo ak jij yo kontinye debarase dwa avòtman atravè peyi a, n ap goumen isit la nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen pati lejislasyon enpòtan sa yo ki pwoteje ak elaji aksè ak avòtman ak swen sante repwodiktif. Anba siveyans mwen, mwen pral kontinye asire ke eta New York rete yonabri ki sekirite pou moun ki bezwen swen."

Pwokirè Jeneral New York Letitia James te deklare, "Se kò pa ou, eji isit la nan New York, li pral toujou rete chwa pa ou. Pandan ke ekstremis atravè nasyon an kontinye atak san rete sou dwa moun ki pi fondamantal nou yo, mwen fyè dèske nan gwo eta nou an n ap travay di chak jou pou pwoteje libète repwodiktif, tankou ogmante aksè ak kontwòl nesans ak asire ke avòtman atravè medikaman disponib pou etidyan yo nan chak kanpis SUNY ak CUNY yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak lejislati Eta a pou lidèchip yo sou pwoblèm enpòtan sa a. Ansanm, nou pral kontinye goumen pou nou asire tout Nouyòkè yo kapab pran pwòp desizyon pa yo konsènan pwòp kò yo."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "New York pa janm kite pwoteksyon libète repwodiktif sou chans. Nou te toujou pran mezi pwo-aktif pou sekirize resous ak swen ke dè milyon moun isit la, ak atravè peyi a, konte sou yo. Travay nou an

pou elaji sèvis avòtman ak kontrasepsyon san preskripsyon bay etidyan nan kanpis SUNY ak CUNY se dènye viktwa nan batay sa a. Mezi sa yo an patikilye pral kontribiye yon fason sinifikatif pou asire pèsonn pa oblije kite lekòl oswa deranje edikasyon yo akòz mank sèvis. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske l ede nou kenbe New York kòm yon eta destinasyon pou dwa repwodiktif nou yo, epi mwen pwomèt angajman kontinyèl Demokrat Sena yo nan kad efò sa yo."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Atravè peyi a nou te wè ekstremis anti-chwa yo ki retire dwa fanm yo pou fè pwòp chwa swen sante pa yo ak jwenn aksè ak avòtman - men nou pa pèmèt sa rive isit la nan New York. Pwojè lwa sa yo pral pwoteje aksè ak kontrasepsyon ak avòtman fanm yo, sou baz travay nou te fè depi lwa sou Sante Repwodiktif la ki finalman te vin lwa an 2019. Nou pral kontinye goumen pou lejislasyon pou pwoteje dwa ak sante tout Nouyòkè yo."

An akò ak [Diskou sou Sitiyasyon Eta](#) Gouvènè a, lejislasyon **A1060-A/S1043-A** otorize famasyen yo pou dispans kontwòl nesans san preskripsyon an dapre yon òdonans pèmanan ki pa espesifik pou pasyan ki soti kay doktè oswa yon enfimiyè pratikan. Pwojè lwa sa a - ki dirije pa Senatè Eta Toby Ann Stavisky ak Manm Asanble Amy Paulin - pral ogmante aksè ak medikaman woutin sa a, patikilyèman nan zòn riral yo nan Eta a kote yon famasi ka pi aksesib pase yon biwo doktè. Pwojè lwa a gen ladan tou pwoteksyon apwopriye pou pwoteje sante pasyan yo.

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Fanm nan Eta New York fè fas a anpil obstak nan sa ki gen pou wè ak kontwòl nesans aksesib. Pwojè lwa mwen an pral pèmèt fanm, kèk ki pa gen yon founisè swen sante, jwenn medikaman san danje. Lejislasyon sa a pral benefisye anpil fanm ki gen revni limite oswa ki abite nan zòn riral yo, epi mwen remèsye Gouvènè a paske li te siyen li an lwa."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Nan elaji kapasite famasyen yo pou bay kontraseptif yo, n ap mete kontwòl nesans yo disponib pou anpil moun ki otreman pa t ap gen aksè ak li. Aksè elaji sa a bay fanm plis kontwòl sou planin famiyal, edikasyon, karyè yo ak lavi yo. Mwen remèsye Senatè Eta New York Toby Stavisky pou patenarya li nan Sena Eta New York la ak Gouvènè Hochul paske yo pran mezi enpòtan sa a pou sipòte fanm ak fanmi yo."

A1395-C/S1213-B mande pou chak kanpis SUNY ak CUNY bay etidyan yo aksè ak medikaman avòtman swa nan anplwaye oswa nan kontra avèk moun ki otorize yo ki ka preskri medikaman sou preskripsyon pou avòtman, oswa lè yo bay elèv yo enfòmasyon ak referans bay founisè ki otorize yo pou preskri medikaman pou avòtman. Moun ki gen laj pou ale nan kolèj yo nan gwoup laj ki gen plis chans pou yo chèche swen pou avòtman. Lejislasyon sa a ta asire ke etidyan inivèsite piblik yo gen aksè enpòtan ak medikaman sou preskripsyon pou avòtman nan kote yo abite, travay, ak pase tan lib yo. Medikaman pou avòtman sou òdonans yo trè an sekirite ak efikas epi yo te yon eleman enpòtan nan swen avòtman pandan dè deseni. Anplis de sa, retire baryè aksè ak avòtman nan kanpis yo ka diminye chay la sou klinik ekstèn yo nan tout New York.

Senatè Eta a, Cordell Cleare, te deklare, "Mwen trè fyè dèske pwojè lwa sa a ap siyen an lwa jodi a paske li souliye nesosite pou toujou koute fanm yo. Jodi a, nou asire ke tout etidyan ki konte sou CUNY ak SUNY pou swen sante pral gen aksè ak yon pakèt sèvis pou sante fanm ak sèvis repwodiktif, ki gen ladan avòtman atravè medikaman. Lwa sa a pral bay aksè, ekite ak sipò etidyan nou yo bezwen yo."

Manm Asanble Harvey Epstein te deklare, "Ekstremis konsèvatif yo ap atake otonomi kòporèl ak dwa sivil nan peyi nou men nan New York n ap goumen kont sa. Non sèlman n ap goumen pou garanti dwa ak avòtman, ak lejislasyon sa a n ap ranfòse kapasite pou egzèsè dwa sa a nan retire baryè pou yon popilasyon ki gen tan ak resous ak opsyon transpò ki limite. Sa ki enpòtan, popilasyon ki gen laj pou ale nan kolèj yo gen plis chans pou chèche swen avòtman men yo gen mwens resous pou jwenn li. Nou ka chanje sa. Lejislasyon sa a pral asire ke enstitisyon kote elèv yo ap viv, travay ak pase tan lib yo ap fè sèvis sa yo aksesib. Mwen vle remèsye lidèchip nan lejislati a, defansè nou te travay avèk yo, ak Gouvènè a paske yo travay ansanm pou fè sa pou Nouyòkè yo."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Nan yon moman kote dwa repwodiktif yo anba atak atravè peyi nou an, SUNY fyè pou l kanpe ak Gouvènè Hochul nan non byennèt etidyan nou yo. Sante ak byennèt etidyan nou yo enpòtan anpil, epi apwòch Gouvènè Hochul pral bati sou angajman nou pou elaji aksè ak sante repwodiktif epi asire elèv yo konnen resous ki disponib pou swen pa yo."

Rektè CUNY an, Doktè Félix V. Matos Rodríguez, te deklare, "Pandan nasyon nou an ap kontinye lite ak yon peyizaj ki chanje kote y ap voye jete dwa repwodiktif yo, nou rekonèt se manm gwoup ki pa jwenn ase sèvis yo ki pi afekte. Lejislasyon sa a pwoteje etidyan CUNY yo lè li asire yo gen aksè ak sante swen repwodiktif, ki pral pèmèt yo bay edikasyon yo priyorite epi fè chwa ki konstan avèk objektif lavi yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak angajman li pou prezève ak ogmante aksè ak swen avòtman pou etidyan yo ak tout Nouyòkè yo."

Gouvènè Hochul dènyèman te anonse deblokaj plis pase 1.68 milyon dola nan sibvansyon atravè [Pwogram pou Sekirize Sant Swen Sante Repwodiktif Eta New York](#) (New York State's Securing Reproductive Health Care Centers Program) la, ki ede asire aksè an sekirite ak sèvis sante repwodiktif ak avòtman nan tout eta a. Finansman sa a te fè pati yon angajman 2022 ki gen [35 milyon dola nan finansman nan tout eta a](#) bay founisè yo yon fason pou ranfòse sistèm swen sante repwodiktif New York la apre desizyon *Dobbs* la.

###